

LAPRIYÈ POU VOKASYON



Granmèt Rekòlt la, nou sipliye-w jan ou te di-n pou mande pou plis travayè pou sèvi nan jaden rezen Legliz ou-a. Ou te di-n rekòlt la anpil men travayè yo piti e nou fè eksperyans gran bezwen sila devan defi Nouvèl Evanjelizasyon-an.

Nou mande pou Lespri Sen enspire jenn gason ak jenn fi konsidere seryezman vokasyon pou vin pè, frè ou byen mè. Ede nou tout tounen bon enstri-man pou ankouraje ak sipòte sila yo w-ap rele pou sèvi ak gide Legliz Brooklyn ak Queens demen.

Granmèt, ou te di Apòt yo ale pi fon. Nou mande-w favè ak kouraj pou reponn a apèl ou pandan n-ap lapriyè ak travay pou ogmante vokasyon pou pè, dyak, frè ak mè.

Nou mande sa nan non Jezi-Kri, gran Pè an chef la. Amèn.

+Nicholas DiMarzio